# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ ҚАРАРЫ

**Қарақалпақстан Республикасы аймағында жайласқан базарлар ҳәм саўда комплекслериниң басқармалары тәрепинен өндирип алынатуғын бир мәртелик жыйымлар, ижара төлеми ҳәм көрсетилетуғын хызметлер нырқының ең кем муғдарларын белгилеў ҳаққында**

1. Өзбекистан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен 2016-жыл 14-январь күнги 2751-сан менен дизимнен өткерилген, Өзбекистан Республикасы Финанс министрлиги ҳәм Мәмлекетлик салық комитетиниң «Базарлар ҳәм саўда комплекслериниң басқармалары тәрепинен өндирип алынатуғын бир мәртелик жыйымлар, ижара төлеми ҳәм көрсетилетуғын хызметлер нырқының ең кем муғдарларын белгилеў ҳаққында»ғы қарарына тийкарланып, Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2016-жыл 19-январь күнги СМ/01-04-69-санлы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик салық басқармасының 2016-жыл 19-январь күнги 1-507-санлы усынысларын инабатқа алып, Қарақалпақстан Республикасы «Қарақалпақдийханбазары» Республикалық бирлеспеси менен келисилген, Қарақалпақстан Республикасы аймағында жайласқан базарлар ҳәм саўда комплекслери басқармалары тәрепинен өндирип алынатуғын бир мәртелик жыйымлар, ижара төлемлери ҳәм көрсетилетуғын хызметлер нырқының минимал муғдарлары қосымшасына муўапық тастыйықлансын.

2. Нөкис қаласы ҳәм районлар ҳәкимликлерине, мәмлекетлик салық басқармасына (М. Достанов):

а) юридикалық ҳәм физикалық тәреплерден Ҳүкиметлик шешимлер менен белгиленген тәртипте ижара төлеми, жыйымлар ҳәм басқа да төлемлерди өз ўақтында жыйнаў, банклерге тапсырыў бойынша базарлар ҳәм саўда комплексериниң алып барып атырған жумыслары үстинен қатаң қадағалаў орнатыў;

б) базарлар ҳәм саўда комплекслери хызметкерлери тәрепинен сатыўшылардан бир мәртелик жыйымларды, көрсетилетуғын хызметлер ҳәм ижара төлемлерин белгиленген тәртипте нызамлы рәўиште өндирилиўин қадағалап барыў тапсырылсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2015-жыл 15-январьдағы 12-санлы «Қарақалпақстан Республикасы аймағында жайласқан базарлар ҳәм саўда комплекслери объектлерин ижараға алыўшы жеке пуқаралардан ҳәм юридикалық тәреплерден өндирип алынатуғын бир мәртелик жыйымлар, ижара төлемлери ҳәм көрсетилген хызметлер нырқлары муғдарлары ҳаққында»ғы қарары өз күшин жойытқан деп есапланcын.

4. Усы қарар «Еркин Қарақалпақстан» (К.Реймов) ҳәм «Қорақалпоғистон тонги» (Г.Аннақличева) газеталарында рәсмий жәрияланcын ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң рәсмий веб-сайтына жайластырсын.

5. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары М. Мамутовқа жүкленсин.

6. Усы қарар рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесиниң Баслығы** **Б. Янгибаев**

Нөкис қаласы
2016-жыл 26-январь
№17

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң
2016-жыл « 26 » январь
17- санлы қарарына қосымша.

**Қарақалпақстан Республикасындағы базарлар ҳәм саўда комплекслериниң басқармалары тәрепинен өндирилетуғын бир мәртелик жыйымлар, ижара төлеми ҳәм көрсетилетуғын хызметлер нырқының ең кем муғдарлары**

**I. Базарлар ҳәм саўда комплекслери басқармалары тәрепинен өндирип алынатуғын бир мәртелик жыйымлардың ең кем муғдарлары**

Сўм

| № | Өним түри | Өлшем ямаса орын бирлиги | Нөкис қаласы | Төрткүл, Хожели, Әмиўдәрья, Беруний, Шымбай, Қоңырат районлары | Елликқала, Кегейли, Қараөзек, Тахтакөпир районлары | Нөкис, Шоманай, Қанлыкөл, Мойнақ районлары |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **I.** | **Өнимлерди саўда орынларында сатыў:** | | | | | |
| 1.1. | Ҳөл мийўелер: алма, анар, алмурт, шабдал, ерик, қәрели, көк ҳәм қызыл султан, әнжир, жүзим, алча, шийе, қулупнай, малина ҳ.т.б. | 1 орын күнге | 3000 | 2600 | 2200 | 2000 |
| | Цитрус ҳәм тропик мийўелер (апельсин, мандарин, лимон, банан, ананас, киви ҳ.т.б.) ҳәмде шет елден алып келинген басқа ҳөл мийўелер | 1 орын күнге | 6400 | 5500 | 4400 | 3200 |
| | Қурғақ мийўелер, ғозалар: писте, бадам, ғоза, қақ ерик, шаңғалақ, кишмиш, шөр дәнек ҳ.т.б. | 1 орын күнге | 6800 | 5700 | 4700 | 3700 |
| 1.2 | Овощлар: картошка, пияз, капуста, гешир, чеснок, ләблеби, түрип, болгар бурышы, баклажан, патиссон, помидор, қыяр (соннан, теплицаларда жетистирилген помидор ҳәм қыяр) ҳәм ҳ.т.б. ҳәмде писирилген мәкке: | 1орын күнге | 2800 | 2500 | 2000 | 2000 |
| 1.3. | Палыз өнимлери: жамбылша, қаўын, ғарбыз, қабақ (6 кв.метрге шекем) | 1 орын күнге | 7000 | 6000 | 5000 | 4000 |
| 1.4. | Дән өнимлери: гүриш, күнгебағар, жармалар (крупа), бийдай, сулы, арпа ҳәм т.б. | 1 орын күнге | 3500 | 3200 | 3000 | 2600 |
| 1.5. | Соботықлы өнимлер: мәш, ловия, горох ҳәм т.б. | 1орын күнге | 3500 | 3200 | 2800 | 2500 |
| 1.6. | Сүт өнимлери: сүт, қатық, қаймақ, сметана, сүзбе ҳ.т.б.) | 1 орын күнге | 2600 | 2400 | 2200 | 2000 |
| 1.7. | Дузланған өнимлер: помидор, қыяр, капуста ҳ.т.б.) | 1 орын күнге | 3500 | 3000 | 2600 | 2400 |
| 1.8. | Зире (зире, бурыш, қалампыр ҳәм т.б.) ҳәмде пал | 1 орын күнге | 3500 | 3200 | 3000 | 2600 |
| 1.9. | Көк өнимлери (соннан теплицаларда жетистирилгенлер) | 1 орын күнге | 2600 | 2400 | 2200 | 2000 |
| 1.10. | Мәйек | 1 орын күнге | 3800 | 3500 | 2800 | 2400 |
| 1.11 | Нәллер ҳәм гүллер (6 кв.метрге шекем) | 1 орын күнге | 4000 | 3500 | 3000 | 2600 |
| 1.12 | Нан ҳәм нан өнимлери ( шөрек нан, майлы пәтир ҳ.т.б.) | 1 орын күнге | 2800 | 2500 | 2200 | 2000 |
| 1.13. | Үйде таярланған консерваланған өнимлер, аспазлық өнимлери ҳәм үй шараятында таярланған кондитер өнимлери | 1 орын күнге | 4000 | 3800 | 3400 | 3200 |
| 1.14. | Санаат жолы менен ислеп шығарылған азық-аўқат өнимлери ҳәм салқын ишимликлер | 1 орын күнге | 6000 | 5500 | 5000 | 4500 |
| 1.15 | Миллий тағамлар | 1 орын күнге | 6200 | 5800 | 5200 | 4800 |
| 1.16. | Полиэтилен ҳәм қағаз пакетлер, корзиналар ҳәм посылка қутылары | 1 орын күнге | 3300 | 2800 | 2500 | 2200 |
| 1.17. | Сипселер | 1 орын күнге | 2300 | 2200 | 2000 | 1800 |
| 1.18. | Тири балық | 1 орын күнге | 6800 | 6500 | 6000 | 5000 |
| 1.19. | Халық дөретиўшилиги, халық өнерментшилиги ҳәм қол өнерментшилиги (6 кв.метрге шекем) | 1 орын күнге | 2000 | 1800 | 1600 | 1500 |
| **2.** | **Гөш өнимлери:** мал, қой, шошқа, таўық гөши, баўыр, қуйрық май ҳәм т.б. | 1 орын күнге | 5800 | 5500 | 5000 | 4500 |
| **3.** | **Өнимлерди автомашиналардан сатыў:** | | | | | |
| | жеңил автомашиналардан | 1 машина | 6500 | 6000 | 5500 | 4500 |
| | жүк автомашиналардан | 1 машина | 11000 | 9000 | 7500 | 6500 |
| | тиркемели, ярым тиркемели жүк автомашиналары ҳәм автопоездлардан | 1 машина | 12000 | 10000 | 9000 | 7000 |
| | өнимлерди жерден сатыў (саўда прилавкаларынан тысқарыда, арнаўлы ажратылған орынларда) (6 кв. метрға шекем) | 1 орын күнге | 4400 | 3800 | 3400 | 2800 |
| **4.** | **Үй ҳайўанлары ушын жем** (ҳәр бир тиркеме ямаса жүк автомашинасы ушын): шрот, шелуха, комбикорма, пишен, сабан, гүриш ҳәм мәкке жуўери паясы ҳ.т.б. | 1 машина | 8200 | 7500 | 6500 | 5500 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **5.** | **Қурылыс материалларын сатыў:** | | | | | |
| 5.1. | базарлар ҳәм саўда комплекслери тәрепинен арнаўлы ажратылған орынларда аўыр ҳәм үлкен өлшемдеги қурылыс материалларын сатыў: | | | | | |
| | 6 кв. метрге шекем | 1 орын күнге | 4000 | 3500 | 3300 | 3000 |
| | 6 ден –15 кв. метрге шекем | 1 орын күнге | 5700 | 5000 | 4500 | 4000 |
| | 15 тен – 30 кв. метрге шекем | 1 орын күнге | 8200 | 7400 | 6400 | 5400 |
| 5.2. | кишкене өлшемдеги қурылыс материаллары (майда өлшемли), сантехника, жақтыландырыў үскенелерин (люстра, светильниклер ҳәм т.б.) сатыў (6 кв. метрге шекем) | 1 орын күнге | 4000 | 3500 | 3000 | 2800 |
| **6.** | **Илгери пайдаланыўда болған буйымлар ҳәм аўысық бөлеклерди сатыў:** | | | | | |
| | автомобиллер ушын аўысық бөлеклер | 1 орын күнге | 4500 | 4000 | 3800 | 3500 |
| | үй-хожалық буйымлары ҳәм кийим-кеншеклер | 1 орын күнге | 2600 | 2400 | 2200 | 2000 |
| **7.** | **Авторанспорт қуралларын сатыў:** | | | | | |
| | жеңил автомашиналар ҳәм микроавтобуслар | 1 дана | 10000 | 9000 | 8000 | 7000 |
| | жүк автомашиналары, автобуслар, тракторлар ҳәм басқа жүк көтериуши транспорт қураллари | 1 дана | 11000 | 10000 | 9000 | 8000 |
| | мотоцикл, мотороллер ҳәм мопедлер | 1 дана | 3500 | 3500 | 3500 | 3500 |
| | Велосипедлер | 1 дана | 3000 | 3000 | 3000 | 3000 |
| **8.** | **Мал базарына алып кирилетуғын ҳәр бир шарўа маллары ушын** | | | | | |
| 8.1. | ат, тай, түйе | 1 бас | 8000 | 7500 | 6500 | 5500 |
| | бота, ешек | 1 бас | 4300 | 4000 | 3800 | 3500 |
| 8.2. | Ири шақлы қара мал: | | | | | |
| | ири шақлы қара мал (соннан сыйыр бузаўы менен): | 1 бас | 8000 | 7500 | 6500 | 5500 |
| | бузаў | 1 бас | 4500 | 4200 | 4000 | 3800 |
| 8.3. | Майда шақлы қара мал: | | | | | |
| | қой, ешки (қой қозысы менен, ешки ылағы менен ҳәм т.б.) | 1 бас | 4200 | 3800 | 3500 | 3200 |
| | қозы, ылақ | 1 бас | 2200 | 2100 | 2000 | 1800 |
| 8.4. | Шошқалар, шошқа балалары | 1 бас | 4000 | 3700 | 3500 | 3000 |
| **9.** | **Үй қуслары:** түйе таўық, таўық, үйрек, ғаз | 1 бас | 1200 | 1000 | 1000 | 1000 |
| | таўық, түйе таўық, үйрек, ғаз шөжелери | 10 бас | 1200 | 1000 | 1000 | 1000 |
| **10.** | **Ийтлер ҳәм пышықлар** | 1 орын күнге | 3400 | 3200 | 3000 | 2500 |
| **11.** | **Декоратив қуслар ҳәм балықлар** | 1 орын күнге | 3400 | 3200 | 3000 | 2500 |
| **12.** | **Ийтлер, пышықлар, декоратив қуслар ҳәм балықлар ушын аўқатлар ҳәмде тийисли аксессуарлар ҳәм буйымлар** | 1 орын күнге | 1300 | 1200 | 1000 | 1000 |
| **13.** | **Ийтлер, пышықлар, декоратив қуслар ҳәм балықлар, сондай-ақ, олардың аўқатлары ҳәмде аксессуарлар ҳәм буйымлар, бир орында** | 1 орын күнге | 3400 | 3200 | 2800 | 2500 |
| **14.** | **Аяқ кийим оңлаў хызмети** | 1 орын күнге | 2600 | 2400 | 2200 | 2000 |
| **15.** | **Басқа товарларды сатыў** | 1 орын күнге | 7200 | 6400 | 5200 | 4200 |

*Ko'rib chiqildi:*